назарий таҳлил қилиш асосида ташаббускорликни шахснинг ҳаётнинг турли соҳаларидаги ҳаваскорлик иштироки сифатида тушунамиз. У инсоннинг талаб қилинадиган нарсалардан ташқарига чиқиши, ижтимоий қадриятларга эга бўлган ҳар қандай вазифаларни ҳал этишни мустақил равишда ўз зиммасига олиши, мақсадга мувофиқ ҳолатда эришиш зарурлигини англай олиши билан характерланади.

**Адабиётлар**

1. Абульханова К.А., Березина Т.Н. Время личности и время жизни. - СПб.: Алетейя, 2001. –С. 304.
2. Борисова Т.С. Активность и инициативность как основа формирования социальной ответственности учащейся [Текст]/Т.С.Борисова//Вестник ТГПУ. 2011. Выпуск 1(103). –С. 131-136.
3. Головина И.Ю. Формирование инициативности студентов младших курсов в учебно-познавательной деятельности [Текст]: дис….канд.пед.наук. –Москва: 2005, -С.177.
4. Дубинина М.П. Модель формирования инициативности будущего педагога с позиции «Я-концепции» [Текст]/М.П.Дубинина// Психология обучения. 2007. -№10. –С. 92-99.
5. Колмагорцева Н.Н. Технология организации социально-значимой деятельности в образовательном пространстве [Текст]/Н.Н.Колмагорцева: учебно-методическое пособие. –Щадринск: «Щадринский Дом Печати», 2008. –С.70.
6. Погонина Е.А. Исследование ценностных ориентаций современной молодежи // Образорвание. Качества. Инновации. №1. 2009, -С. 95-98.
7. Степашов Н.С., Дрёмова Н.Б., Конищева Е.В. Инициатива в инновационном образовании: методологический аспект // Педагогическая наука. №2(11). 2018. –С. 78-84.
8. Тетерский С.В. Воспитание социальной инициативности детей и молодежи [Текст]: дис….д-ра пед.наук. –Тамбов: 2004. – С.337.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада ташаббускорлик инсон тараққиётининг шарти ва таълим-тарбия натижаси сифатида қаралади. Илмий адабиётлар ва бир қатор тадқиқотчиларнинг натижалари таҳлили асосида муаллиф, инсоннинг ижтимоий аҳамиятли фазилатларига ташаббускорлик киради деган маълумотни беради.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматривается инициативность как предпосылка развития человека и как результат воспитания. Из анализа научной литературы и результатов ряда исследователей автор делает предположение, что к социально-значимым качествам личности относятся инициативность.

**SUMMARY**

The article considers initiative as a prerequisite for human development and as a result of education. From the analysis of scientific literature and the results of a number of researchers, the author makes the assumption that initiative is one of the socially significant qualities of a person

## БИЛИМЛЕНДИРИЎДИҢ ҮЗЛИКСИЗЛИГИН ТӘМИЙИНЛЕЎ – ТӘЛИМ - ТӘРБИЯНЫҢ БЕККЕМ ТАЯНЫШЫ

**М.Шразов –** *талабалар турар жайы тәрбияшы*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** профилактика, колледж, лицей, вояга етмаганлар, таълим-тарбия.
**Ключевые слова:** профилактика, колледж, лицей,  подростки, образование.
**Key words:** prevention, college, lyceum, guardianship, teenager, education.

Мектеп билимлендириўин раўажландырыў ҳәм усы арқалы бул тараўды жаңа басқышқа алып шығыў мәмлекетлик сиясаттың негизги мақсети саналады. Сонлықтан, бул бағдарда улыўма орта билим бериў мектеплериндеги оқыў-тәрбия жумысларын шөлкемлескенлик пенен алып барылыўды тәмийинлеўге айрықша итибар берилген. Оқыў-тәрбия жумыслары бойынша пикир жүргизгенде он бир (11) жыллық билим бериў системасын айтып өтиў орынлы. Ҳәммеге мәлим, 2017-жылдан баслап мәмлекетимизде 9+3=12 жыллық билимлендириў системасынан толық 11 жыллық оқыўға өтти. Бунда айрықша көзге тасланатуғын нәрсе, оқыў-тәрбия жумысларының нәтийжелилигин тәмийинлеўге кеңнен жол ашылды. Сондай-ақ, мектеплерде көбирек билим бериўдиң сапасын арттырыў менен бирге оқыўшылардың тәрбиясына да айрықша дыққат қаратылды. Нәтийжеде мектеп ҳәм колледж оқыўшылары тәрепинен жүз берген улыўма жынаятлар саны 2,5 есеге кемейди. Соның менен бирге, он бир жыллық оқыўға өтиў көпшилик ата-аналар тәрепинен мақуллаўшылық пикирлердиң билдирилгенлигин де атап өтиў орынлы. Еслетип өтемиз, Өзбекстанда 11 жыллық билим бериў системасы 1997-жылда бийкар етилген еди. 9+3 схемасы бойынша 12 жыллық улыўма мәжбүрий бийпул билимлендириў системасы 1997-жылы 29-августта «Билимлендириў ҳаққында»ғы Нызам ҳәм Кадрлар таярлаўдың миллий бағдарламалары тийкарында енгизилген. Бүгинги күнде Өзбекстан халық билимлендириў тараўында 9942 улыўма билим бериў мектеплеринде 6,2 млн.ға жақын оқыўшы билим алып атырған болып, оларға 481 мың мүғәллим тәлим-тәрбия берип келмекте. Улыўма билим бериў мектеплеринде оқыўшылар тәрепинен жүз бериўи мүмкин болған түрли ғайрытәбийий ҳәрекетлердиң алдын алыў бойынша бир қатар жумыслар әмелге асырылмақта. Соның менен қатар, ҚР Прокуратурасы, ҚР ИИМ ҳәм ҚР ХБМ менен биргеликте «Давомат», «Оқыўшы» илажлары колледжге келмей сабақты жийи-жийи қалдыратуғын оқыўшыларды окыўға қайтарыў мақсетинде енгизилген.

Айтып өтиў орынлы, бүгинги күнде халық билимлендириўи тараўында тәрбиясы аўыр, ҳуқық бузарлық ислеўге бейим болған оқыўшылар менен системалы жумыслар жолға қойылған. Атап өтилгениндей, ғайры тәбийий ҳәрекетлерди ислеўге мейил болған оқыўшыларды мектептиң ишки бақлаўына алыў системасының болыўы бундай категориядағы оқыўшылар тәрепинен соңын ала жынаятлар жүз берилиўиниң алдын алыўда пайдалы болмақта. Соңғы жыллар даўамында улыўма билим бериў мектеплеринде оқыўшылар арасында жүз берген жынаятшылықтың келип шығыўын анализ етилгенде 2016-жылда ҳәр 10мың оқыўшыдан 0,9 оқыўшы жынаят ислеген, 2017-жылда бул көрсеткиш 0,8 оқыўшы, 2018-жылға келип 0,8 оқыўшыны қураған болса, 2019-жылдың 12 айы даўамында 0,7 оқыўшыны қураған [1].

Кәсип-өнер билимлендириўи системасындағы жағдайды анализ етип қарағанда бул көрсеткиш 2016-жылда-10 оқыўшы, 2017-жылда -10 оқыўшы, 2018-жылда -9 оқыўшы, 2019-жылда -8 оқыўшыны қурайды. Бул көрсеткиш Өзбекстан Республикасы бойынша алып қарағанда, ал, Қарақалпақстан Республикасы мысалында алып қарайтуғын болсақ, 2017-жылы жас өспиримлер қатнасында республика аймағында 55 жынаят жүз берген болса, 2018-жылы 36, 2019-жылы 17, 2020-жылы 29 жынаят жүз берип 2017-жылы 167

2018-жылы 70, 2019-жылы 94, ал 2020-жылы болса 39 жас өспирим профилактикалық бақлаў есабына алынған болып, булардың ҳәммесине ҳәкимшилик тәртипте бақлаў жүргизиў ушын өз ўақтында үш тәреплеме кәўендер бекитилип мектеп, мәҳәлле, жаслар ислери агентлиги қалалық ҳәм районлық ҳәкимияты жанындағы жас өспиримлер менен ислесиў комиссиясы қарары менен бақлаўға алынып биргеликте қадағалаў жумыслары алып барылған. Бул жас өспиримлер жынаят ислегени ушын 18 жасқа шекем профилактикалық бақлаў есабында турады. 18 жасқа толыўына бир ай қалғанда басқа жынаятқа қол урмай тәртипли болып жүргенлигин есапқа алып 3 тәреплеме минезлеме берилип, бақлаў есабынан шығарылады. Бул жоқарыда келтирилген соңғы 4 төрт жылды салыстырмалы түрде алып қарағанымызда жылдан-жылға жынаяттың да, бақлаў есабында турған жас өспиримлер санының да кемейиўине ерисилгенин көриўимизге болады. Буған себеп, 9-классты питкерип кәсип-өнер колледжлерине ҳәм академиялық лицейлерге бөлистирилип оқыўын даўам етер еди ҳәм 16 жасқа толып пуқаралық паспорт алып колледж, лицей босағасына барған жас өспирим өзин балағат жасына толған пуқарадай сезип айырымлары жаман жолларға кирип кетиў мүмкин. Демек, бул өз-өзинен жынаят көшелерине кириўине бир адым қалганын көрсетип тур. Мектептен колледжге барған жас өспиримлерди өз ўақтында толығы менен қамтый алмағанлығы себепли жоқарыда келтирип өтилген жынаятлардың 70%и колледж буўынындағы жас өспиримлердиң қатнасында жүз бергенлиги айқын дәлили болып есапланады. Мысал ретинде: 2015-жылы Нөкис қаласынын 1-санлы медициналық колледжинде 1-басқыш оқыўшылары болған Кегейли районынан 1 қыз, Қараөзек районынан 1 қыз ҳәм Нөкис қаласынан 1 қыз өз билгенинен келип шыққан ҳалда пахишалық пенен шуғылланады. Бул ўақыялардан ата-аналары хабардар болғанлығын билип өзлерин апрель айының биринши он күнлиги ишинде Нөкис қаласының ортасынан өтип турған Дослық каналынан шөктирмекши болып үшеўи бирден суўға таслайды. Нөкис қаласы ишки ислер бөлиминиң оператив ўәкиллери тәрепинен бул қызлар Дослық каналынан алып шығылып дәслепки сорастырыў ҳәм тергеў жумыслары алып барылған. Қызлар үй ишинен қорқып бул исти ислегенин айтады. Жоқарыдағыларға анықлық киритилип қызлардың үстинен керекли материал топланып Нөкис қаласы ҳәкими жанындағы жас өспиримлер менен ислесиў комиссиясында қарап өтилип ата-аналарына ҳәкимшилик шара көрилип ата-аналары менен биргеликте өзлерин де профилактикалық бақлаў есабына алынды [1].

Ер балалар қатнасында қорқытып өз мүлкин тартып алыў, қастан дене жарақатын жеткизиў, топарласып төбелеслер шөлкемлестириў, бир колледжден екинши колледжге барып жәнжел шығарыў хәр қыйлы алдаўшылық жоллар менен қол телефонларын алып кетиў хэм урлық жынаятлары усы дәўирде жийи-жийи жүз берди. Бул жоқарыда жүз берген жынаятларды талықлап қараганымызда мектеп босағасынан кәсип-өнер колледжине барған ўақытта әйне ер жетиў дәўиринде ата-ана тәрепинен қадағалаўсыз қалыў ақыбетинде усы жынаятлар кескин өсип кеткен. 2017-жылдан баслап 11 жыллық билимлендириў системасы қайта енгизилгеннен соң кәсип өнер колледжлери ҳәм лицейлерде 1-2-курслар толық питкерип шығыўы ушын және 2 жыл ўақыт керек болды. 2018-2019-жыллар. Ал 2020-жылдан баслап жынаяттың кескин төменлегенин келтирип өтилген көрсеткишлер мысалында билиў мүмкин.

Салыстырыў ушын айырым сырт ел мәмлекетлеринде: 2019-жылдың жуўмағы менен бул көрсеткиш АҚШда-44,7 оқыўшы, Россия Федерациясында 23,7, Қазақстанда -7,6 оқыўшы, Тәжикстанда -3,6 оқыўшыны қураған. Мәмлекетимизде 11 жыллық билимлендириўдиң қайта тиклениўи нәтийжесинде республика масштабында жас өспиримлер қатнасында жүз берген жынаятлар санын 2016-2019-жыллар арасында салыстырып қараганымызда 2016-жылда -2,4 көрсеткишти ал, 2019-жылдабул көрсеткиш 1,0 ди қураған. Демек бул соннан дарек береди, 11 жыллық билимлендириў системасына қайтыў қарары дурыс болғанлығын анық дәлиллеп тур.

Мағлыўмат ушын: 2017-жылдын 16-июнь куни Озбекстан Республикасы Президенти Шавкат Мирзиеев Ташкент каласынын Уштепа районындағы 78-улыўма билим бериў мектебине барып көрди. Онда мектеп ҳәм колледжлер арасындағы байланысты беккемлеў, тийкарынан тәжирийбе сыпатында бул билимлендириў тараўында 11 жыллық билимлендириўди қайта тиклеў, оның қасында оқыў-кәсиплик кәрханасын шөлкемлестириў зәрүрлигин атап өтти. Президентимиз өз сөзинде: «Жоқары классларда балалар шахс болып, жәмәәт болып қәлиплеседи. Әйне усы пайытта оларды өзлери үйренген орталықтан ажыратып қойыўға болмайды. Бул жаслардың руўхыятына, қатнасына, ақыры-ақыбетинде тәлим-тәрбиясына унамсыз тәсир көрсетиўи мүмкин. Сонлықтан, билимлендириўдиң үзликсизлигин тәмийинлеў, оқыў бағдарламаларын жетилистириў зәрүр…» [2] деген еди.

Дурысында да, мектеп билимлендириўиниң бас-қышпа-басқыш әмелге асырылыўы менен белгиленген талап ҳәм ўазыйпалар тийкарында нәтийжелиликке ерисиўге айрықша дыққат қаратылған. Тийкарғы мақсет болса, келешек даўамшыларының заманагөй жақтан интелектуаллық билим ҳәм қәбилетке ийе жаслар болып жетилисиўин тәмийинлеў болып табылады. Усы мақсетте 9+3=12 оқыў системасынан 11 жыллық оқыў мүддетине өтиў халқымыз ушын экономикалық, мәнаўий тәрептен сондай-ақ тәлим-тәрбия ислерин еле де мазмунлы шөлкемлестириў саласында әҳмийетли болды деп есаплаймыз.

**Әдебиятлар**

1. Шразов М. 2007-2016-жыл ишки ислер уйымында хызмет өтеў дәўириндеги ис жыймасынан.
2. Интернет материалларынан.

**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада республикада умумий ўрта таълим мактабларида 11 йиллик таълим тизимининг аҳамияти борасида айтилади. Узлуксиз таълим жараёнида мактаб ёшидаги укувчи ёшларнинг таълим-тарбияси анчагина юқори натижа берадигани сўз этилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье обсуждается важность 11-летней системы образования в средних школах страны. А также говорится, что в процессе непрерывного образования гораздо улучшается эффективность обучения детей школьного возраста.

**SUMMARY**

The article discusses the importance of the 11-year education system in the secondary schools of country. It is said that in the process of continuing education, the teaching of school-age children is much improved.